

Ayiti: Yon sèl chans sou santan pou fè chanjman

Pi lwen pase rekonstriksyon: yon lòt vizyon Ayiti ki gen egalite, jistis ak opòtinite

Anvan tranbleman tè janvye 2010 la ki te devaste peyi a, Ayiti te montre kèk siy bagay yo t ap vanse. Men kalite dènve kras povrete ak inegalite ki te genyen anvan sa a te fè dega yo pi mal. Si rekonstriksyon Ayiti a mal jere, li pral fè inegalite sa kontinye, l ap nan avantaj rich yo epi l ap ekspoze pòv yo a lòt pwoblèm toujou. Si li byen jere, li ka vrèman ede bati yon Ayiti ki miyò.

Rekonstriksyon an kounyeya dwe bat pou gen yon Ayiti ki gen plis egalite tout bon vre, kote povrete ak enstabilite diminye. Pou sa fèt, fòk se gouvènman ayisyen an ak lòt enstitisyon ki mennen rekonstriksyon an epi fòk yo rann kont tout bon vre bay tout ayisyen yo. Kominote entènasyonal la li menm dwe pran angajman pou kore jèfò rekonstriksyon sa ki pral fèt la pandan lane disifil k ap vini yo.

Rezime

Okenn katastwòf pa fin natirèl nèt. Tranbleman tè ki te devaste Ayiti nan dat 12 janvye 2010 la pa t yon eksepsyon. Kalite dènve kras povrete ak inegalite ki gen ann Ayiti a te lakòz te gen plis dega epi se sa ki te detèmine kilès ki te ekspoze.

Ayiti pa sèlman bezwen pou li rekonstwi men tou, jan patnè Oxfam yo ann Ayiti di li, li bezwen gen yon 'lòt vizyon'. Anvan tranbleman tè a, 80 pousan moun nan peyi a t ap viv ak pi piti pase 2 dola ameriken pa jou. Nan zòn riral yo, se te 90 pousan. Prèske 60 pousan popilasyon an pa t gen ase manje pou li manje e sa te lakòz sou chak 4 timoun gen youn ki chetif.

Kounyeya lanati vin rann malè sa yo pi grav. Lè nou gade degre enpak li, tranbleman tè sa se pi gwo tranbleman yon peyi janm sibi. Sa ka koute 13 milya 900 mil dola ameriken e sa ka pran 10zan pou rekonstwi peyi a.

Yon rekonstriksyon ki mal jere ap ogmante soufrans peyi Dayiti, se sila ki miyò pase pòv yo ki pral plis benefisyè, l ap fè inegalite kontinye pi rèd epitou l ap vin ekspoze moun plis toujou.

Men, si li byen jere, lide 'bati pi byen' ki ekziste nan domèn èd la, rekonstriksyon an ka fè li vin tounen yon reyalyte. Lòt kote yo, souvan katastwòf se siy gwo chanjman ekonomik ak sosyal. Kesyon ki genyen kounyeya la se: Apre tranbleman tè a, ki sa Ayisyen yo bezwen pou yo reprann yo yon jan ki tou abòde pwoblèm peyi a ap konfwonte depi plizyè dizèn lane?

32zan eksperyans Oxfam gen ann Ayiti yo ak 60tan eksperyans li genyen nan zafè dezaz epitou chita pale li te fè ak patnè li genyen depi lontan ann Ayiti yo te fè wè gen 3 kondisyon jèfò rekonstriksyon yo dwe respekte wè pa wè. Premyèman, se gouvènman ayisyen an ak lòt enstitisyon ki dwe dirije rekonstriksyon an. Dezyèmman, pandan y ap fè sa, yo dwe rann kont tout bon vre bay tout Ayisyen yo, san bliye sosyete sivil la. Epitou twazyèmman, yo dwe bay chak grenn ayisyen enfòmasyon yo bezwen pou yo kapab pran bon jan desizyon pou lavni yo. Dokiman sa a ap fè rekòmandasyon sou jan pou reyalize kondisyon sa yo.

Lidèchip gouvènman an

Petèt nou kapab konprann lidèchip estratejik bò kote gouvènman an te pran tan pou li vini . Depi dezaz la te frape a, li te lan pou pran desizyon e jiskaprezan li pa rive monte yon vizyon pou rekonstriksyon peyi a ni kominike li. Men gouvènman an te degaje li byen nan lòt domèn; li te bay sipò rapid pou moun ki te vle tounen nan zòn riral yo; li te pèmèt moun ak pwodui antre nan peyi a san taks epi li te fasilite sipò imanite a.

Kèk nan enstitisyon sivil oswa gouvènman lokal la yo te montre tou yo kapab pote kole rapid. Fòs gouvènman lokal la, kominote lokal yo epitou òganizasyon ak legliz pa yo te bay anpil moun nan popilasyon peyi Dayiti gwo bourad. Jèfò pou rekonstriksyon yo dwe enplike inisyativ debaz yo epi ranfòse yo piplis, yo dwe kore jèfò pou desantralizasyon yo epi kore gouvènman lokal la.

Koripsyon lakòz feblès leta ayisyen an e li se konsekans li tou. Premye Minis peyi Dayiti a te di Oxfam li pa fè tèt li 'okenn ilizyon sou jan yo wè koripsyon ak inefikasite' ann Ayiti. Kwape koripsyon an epi ogmante transparans ak rann kont nan tout nivo yo dwe nan nannan jèfò rekonstriksyon yo.

Sipò Entènasyonal

Pandan lane difisil k ap vini yo kote rekonstriksyon an ap fèt, Ayiti ap bezwen kontinye jwenn gwo sipò entènasyonal ki te leve pou li depi 12 janvye a pou li ka kenbe. Men li bezwen pou sipò sa byen kanalize, li bezwen pou li jwenn ase èd k ap kontinye toujou pandan kèk tan. Se sèlman lidèchip, angajman ayisyen yo – pa sèlman bò kote gouvènman an men bò kote sosyete sivil la (ONG yo, inivèsite yo, gwoup jèn yo, sendika yo, kominote ki deplase yo) ak sektè prive a – ki kapab fè ayisyen yo wè pwosesis rekonstriksyon an se yon bagay ki gen valè, ki ka fè yo konsidere se pou yo li ye epi asire èd la bay sou baz bezwen ki genyen tout bon vre, pa sou baz sa bayèdefon yo pi pito.

Jiskaprezan, Nasyonzini, menm jan ak gouvènman an li menm, prèske pa montre lidèchip estratejik. Li pa rive pwofite de pakèt ekspètiz ki genyen bò kote ayisyen yo. Depi tranbleman tè a, pi fò reyinyon kòdinasyon Nasyonzini yo te fèt ann anglè pase pou yo te fèt nan lang franse oswa kreyòl, e nan sans sa a, yo te rive mete a kote anpil ONG lokal ak lòt ayisyen ki vin pa ka pote kontribisyon konesans ak eksperyans lokal yo epitou sa te anpeche yo ranfòse pwòp kapasite pa yo pou kontribye nan lavni peyi Dayiti pi devan.

Bezwen ijan yo

Abri: Tranbleman tè a lakòz gen apeprè 1 milyon 200 mil moun k ap viv nan abri pwovizwa aktyèlman nan zòn Pòtoprens ak alantou li yo.¹ Kominote imanite a te fè yon bann ak yon pakèt jèfò deja pou reponn a bezwen yo men jèfò sa yo bezwen double anvan sezon lapli a rive.

Lapwòpte ak sante piblik: Anvan tranbleman tè a, 19 pousan sèlman nan popilasyon peyi Dayiti te jwenn lapwòpte yon jan ki te miyò. Kounyeya, ak plis pase yon milyon moun ki kite kay yo k ap viv nan kondisyon pil pou pil, zafè lapwòpte kapab yon gwo pwoblèm pou sante popilasyon an pandan sezon lapli a ki kòmanse ann avril pou fini an jen, apre sa pou li reprann man mwa out pou rive novanm. Oxfam ak lòt ap travay pou asire yo netwaye kanal yo, yo byen jere fatra yo epitou pou moun ki nan kan yo sèvi yon jan ki pwoteje sante yo. E tout aktè nan domèn lapwòpte a dwe konsantre jèfò yo pou asire malpwòpte ak move jesyon fatra pa bay sante popilasyon an pwoblèm.

Rebati pi byen vle di atake bezwen kay ak enfrastrikti ni touswit ni pi devan. Lè yo gade entèvensyon ki fèt deja nan ka tranbleman tè, sa pral pran 10zan pou rebati Ayiti. Menm anvan tranbleman tè a te frape, 80 pousan moun nan vil yo t ap viv tankou pòv; pi fò ladan yo te nan bidonvil ak teren vag e yo pa t gen minimòm sèvis tankou dlo, yon nivo pwòpte ki akseptab, ni posede tè ni kay vrèman.

Sonje zòn riral Ayiti: Rekonstriksyon lavil pa dwe fèt sou tè zòn riral yo ki pa dwe neglije. Sezon lapli a tonbe menm lè ak sezon pou kòmanse plante diri epitou nan mitan epòk kote premye rekòt la poko fèt. Dwe gen aksyon ki fèt preze preze pou kore pi fò Ayisyen ki depann de jaden yo pou yo viv.

Sitiyasyon fanm: Rekonstriksyon an bay opòtinite pou pote bon jan amelyorasyon nan sitiyasyon fanm ayisyèn yo epitou pou sèvi ak enèji yo ak potansyèl yo. Nan yon sosyete ki gen inegalite nan nannan li, fanm yo sibi tout kalite vyolans poutèt yo se fanm, san pa bliye yon kantite agresyon seksyèl ak vyòl ki fè moun fremi. Dapre premye evalyasyon Oxfam te fè, fanm yo kontinye ekspoze a vyolans nan kan yo.

Bayèdefon yo ak gouvènman an bezwen ogmante patisipasyon fanm yo nan rekonstriksyon an, soti nan nivo kominote a pou rive nan nivo ki pi wo nan gouvènman an; yo dwe tou devlope pipilis kapasite ekonomik lakay fanm yo nan mete sou pye pwojè ki pèmèt yo patisipe menm jan ak gason yo, tankou nan mete bon jan ekstrikti sipò ak laswenyay pou timoun yo, fòmasyon ak bati kapasite.

Rebati pi byen

Anvan tranbleman tè a, Ayiti te montre kèk siy bagay yo te rekòmanse ap bouje epi te gen lespwa. Di mwa avan sa bagay yo te plizoumwen kalm epi stab ann Ayiti. Kidnaping yo te diminye, revni yo te ogmante epi te gen mwens chomaj.

Epi tranbleman tè a li menm te pote nouvo jenerasyon jèn lidè. Tankou komite jèn lidè ki te kreye nan kan Dèlma 62 a pou ede plizyè santèn moun ki te pran refij sou tè yon moun. Youn nan yo ki rele Stephan Durogène te fè konnen, 'M pa t konnen m te gen sa lakay mwen. Se pandan tranbleman tè a m reyalize m ka yon bon lidè.'

Si rekonstriksyon an koute vwa moun tankou Stephan yo epi li kore yo, Ayiti ap kapab rebati pi byen tout bon vre.

Entwodiksyon

Ayiti pa sèlman bezwen pou li rekonstwi men tou, jan patnè Oxfam yo ann Ayiti di li, li bezwen gen yon 'lòt vizyon'.² Anvan tranbleman tè a, 80 pousan moun nan peyi a t ap viv ak pi piti pase 2 dola ameriken pa jou. Nan zòn riral yo, se te 90 pousan.³ Prèske 60 pousan popilasyon an pa t gen ase manje pou li manje e sa lakòz sou chak 4 timoun gen youn ki chetif.⁴

Kounyeya lanati vin fè malè sa yo pi grav. Dapre Bank Entèamerikèn Devlopman, lè ou gade degre enpak tranbleman tè ki te frape Ayiti an janvye 2010 la, se pi gwo tranbleman yon peyi janm sibi e sa ka koute 13 milya 900 mil dola ameriken epitou pran 10zan pou rekonstwi peyi a.⁵

Depi 12 janvye, Ayisyen yo te fè anpil anpil pou kòmanse reprann yo: kraze mi ki te fann yo epi bote yo al mete nan lari a, retire dekonb, rekòmanse biznis yo. Men, menm jan yo pa ka retire tout debri yo ak men yo, se menm jan an Ayisyen yo pa kapab rebati peyi a pou kont yo. Yo bezwen anpil anpil sipò bò kote kominote entènasyonal la. Toupatou ayisyen ap pede di Oxfam yo vle manje ak dlo,abri ak travay – e yo ap tann pou gouvènman an jwe wòl lidèchip ki nesèsè pou fè Ayiti soti 'peyi ki pi pòv nan zòn oksidantal la' pou li tounen 'yon peyi kote chak grenn moun gen opòtinite pou li vin bon'.⁶

Se desizyon ki deja ap pran pou pote sekou bay moun, pou fè rekonstriksyon an epi pou ede moun yo reprann yo k ap di kouman Ayiti ap ye demen. Dokiman sa a bay kèk chimen ak prensip fondamantal pou rekonstriksyon sa a epi li mete aksan sou kèk nan enkyetid Oxfam genyen apre 2 premye mwa ki sot pase sou 10zan jèfò ki pral gen pou fèt yo. Apre sa, li gade kouman yo ka amelyore jèfò yo pou reponn a bezwen ki pi ijan pou malere ak malerèz yo pandan y ap debat pou rebati lavi yo.

2

Leson sou kounyeya: prensip pou lavni

Se respè dwa tout moun ki dwe prensip fondannatal la. ‘Rebati pi byen’ se yon lide nou jwenn tou patou nan lemond sou zafè rekonstriksyon, men pou Ayiti sa dwe yon reyalyite. Sèl jan pou asire sa fèt se pou *tout* ayisyen kapab chwazi avni yo.

Rekonstriksyon ak egalite

Anpil ayisyen te di Oxfam premye bagay ki dwe chanje se inegalite nan sosyete ayisyèn nan; yo te di gen anpil moun ki pa andan sosyete a, sitou nan domèn edikasyon ak nan tout nivo gouvènman an. Richès ak pouvwa te toujou konsantre nan men yon ti elit ki nan politik ak biznis nan peyi Dayiti. Nan rekonstriksyon peyi Dayiti yo gen tan wè kalite defi ki genyen pou chanje sitiyasyon sa a. Dapre premye ankèt Oxfam te fè, moun ki pi andeyò sosyete a, n ap pale de moun **ki nan lwaye**, moun ki sou teren vag yo ak sila yo ki ap vin andan oswa tou pre katye ki pi pòv nan Pòtoprens yo ak nan alantou yo — yo pa jwenn menm kantite èd ak sila yo ki nan zòn ki gen plis mwayen yo.

Bwat 1: Dlo ak lapwòpte

Anvan tranbleman tè a, se sèlman 30 pousan moun nan Pòtoprens ki te gen dlo tiyo, epi 50 pousan vil la te gen sistèm sanitè. Nan zòn rural yo, 48 pousan te gen dlo epi 23 pousan te jwenn sèvis pwòpte.⁷ Plis pase 3 milyon moun te blije chache lòt mwayen pou jwenn dlo —kèkfwa achte kamyon dlo pou mete nan sitèn, achte dlo byen chè nan pwen distribisyon k ap vann dlo oswa tou senpman bote dlo soti larivyè ak nan sous san okenn garanti dlo sa pwòp epi yo ka bwè li. Pou fanmi ki pi pòv yo, yon gwo pati nan lajan yo pase sèlman nan asire yo jwenn dlo.

Moun rich yo te gen tiyo lakay yo ki branche sou sistèm kanal vil la oswa sistèm septik yo (twou anba tè pou jete dlo sal ak matyè). Men, moun ki pi pòv yo prèske pa t genyen okenn sistèm sanitè—latrin, sistèm kamyon k ap ranmase, ak kanal bò lari se mòd sanitè sa yo ki te plis genyen nan kote ki te genyen yo. Oxfam bay dlo epi li fè latrin, epitou li ede enstitisyon leta yo tankou DINEPA, ki se otorite reskonsab zafè dlo, pou yo konstwi sistèm k ap dire epi ki respekte anviwonman an. Pou asire Oxfam ak patnè li yo rann kont, li mete sou pye yon sant dapèl pou yo kapab jwenn opinyon sou travay la.

20 lane enstabilite, ekonomi k ap vin pi mal ak deblozay tanzantan nan peyi Dayiti kite yon eritaj move gouvènans ak yon mefyans bò kote bayèdefon yo. Èd k ap vini a pa dwe fè distribisyon richès ki deja mal fèt la vin pi mal; sa kapab ogmante tansyon ki ekziste depi lontan ant majorite moun yo ak ti elit ki rich la. Defi rekonstriksyon an genyen kounyeya se pa ogmante men diminye inegalite ki lakòz enstabilite ak

vyolans nan peyi a, inegalite ki koumanse parèt nan manifestasyon nan lari yo. Chak bagay ki ap fèt pou ede moun yo reprann yo dwe fèt yon jan ki nan avantaj pòv yo epi ki ap diminye inegalite ak tansyon nan mitan gwoup yo e sa dwe soti nan yon konsansis nasyonal sou tout plan rekonstriksyon an.

Asyisyen ki pou mennen pwosesis pou remete bagay yo sou pye

Okenn nan bagay sa yo p ap kapab rive san twa kondisyon fondanatal. Tou dabò, gouvènman peyi Dayiti ak lòt enstitisyon leta yo dwe dirije rekonstriksyon an. Dezyèmman, pandan y ap fè sa, yo dwe mande opinyon tout asyisyen yo epi rann kont ba yo kòrèkteman. Epi twazyèmman, chak ayisyen dwe yon sitwayen aktif: yo dwe ba yo enfòmasyon yo bezwen pou yo kapab pran bon jan desizyon sou avni yo epi yo dwe travay ansanm ak gouvènman an pou rebati peyi a.

Gouvènman – nasyonal ak lokal

Yo ka petèt konprann lidèchip estratejik gouvènman an te pran tan pou li vini. Menm anvan tranbleman tè a, gouvènman an te fèb, ki lakòz te manke kòd ak regleman pou bati kay, sistèm jesyon dezaz nasyonal te pran tan pou li mete sou pye epi manke sipò pou sèvis ijans yo. Menm lè depi lontan gouvènman an rekonèt se reskonsablite pa li pou li bay sèvis, se ONG yo ak sektè prive a ki te konn bay anpil nan sèvis debaz yo. Kòm rezilta, dapre yon rapò an 2009, nou jwenn sèvis yo pa t 'ajanse yon jan pou kouvri zòn jewografik yo e pa t gen ase menm nan kèk zòn; yo te chè pou sila k ap itilize yo poutèt yo pa t jwenn ase sibvansyon epi yo te detache nèt de [gouvènman an]'.⁸

Gouvènman nasyonal la te pran kèk inisyativ debaz apre tranbleman tè a: sipò pou moun ki te vle tounen nan pwovens; pèmèt moun ak pwodui yo antre nan peyi a san taks epi fasilite sipò imanite yo. Men li te pi lan nan pran desizyon e li pa kapab jis kounyeya devlope ni kominike yon vizyon pou rekonstriksyon peyi a. Si kounyeya kominote entènasyonal la pa fè yon jan pou gouvènman an jwe yon wòl kapital, ni gouvènman an ni kominote entènasyonal la ap vin plis pa kapab pi devan reponn a bezwen pèp ayisyen an.

Kèk nan enstitisyon sivil oswa gouvènman lokal yo ann Ayiti te plis kapab bay sipò. Nan kad Plan Nasyonal pou Reponn ak Jere Dezaz yo (PNGRD), kèk biwo sivil lokal ak komite pwoteksyon sivil te pran bagay yo an men rapidman apre tranbleman tè a pou ede moun nan zòn pa yo – yo te ede yo jwenn kote ki pi an sekirite pou yo rete, yo te anrejistre yo epi yo te ede yo òganize yo. Fòs gouvènman lokal la, kominote lokal yo ansanm ak òganizasyon ak legliz pa yo te ede anpil moun nan popilasyon peyi Dayiti. Jèfò pou rekonstriksyon yo dwe enplike inisyativ debaz yo epi ranfòse yo piplis, yo dwe kore jèfò pou

desantralizasyon yo epi kore gouvènman lokal la.

Soti nan 'Repiblik ONG yo' pou rive nan leta efikas la

Sa ka parèt dwòl nan bouch yon ONG: genyen twòp ONG, se pa sa yo dwe fè y ap fè epi yo konsantre jèfò yo nan lavil tan pou yo ta konsantre yo sou pwovens yo. Depi lane 1990 yo, kominote bayèdefon yo gen tandans bay sipò dirèkteman bay yon bann ak yon pakèt ONG (kit yo se ayisyen kit yo entènasyonal), san pase pa enstitisyon leta yo ki gen koripsyon epi ki pa efikas. Sa ankouraje yon bann ONG donnen tankou djondjon – imajine gen pou pi piti di mil nan 'repiblik ONG' sa a – ki ap kraze kapasite leta.⁹ Sipò bayèdefon yo bay ONG yo vini sou fòm ti pwojè pou ede kèk klinik oswa lekòl ki twò souvan mal kòdone, ki pa fè sans, epi ki pa fè okenn jèfò pou mache sou menm liy ak priyorite devlopman nasyonal yo.¹⁰ Enstitisyon leta yo pa gen lajan pou bay sèvis, sa vin fè yo pa kapab devlope pwòp kapasite yo e sa fè yo bay move sèvis. Pou ta vin gen yon gouvènman ann Ayiti ki efikas epi ki rann kont, fòk Ayisyen yo wè se gouvènman yo ki reskonsab pou bay sèvis debaz tankou lekòl, dlo pwòp epi pou rann kont bay sitwayen yo pou sèvis sa yo gen pou bay la. Gouvènman an, ONG yo ak pèp la dwe travay ansanm pou asire peyi a kapab mete sou pye bon kalite sèvis pou tout moun alawonnbadè epi ki chita sou sa tout moun te dakò kòm priyorite.

Kwape koripsyon

Yon rezon ki fè nenpòt ayisyen ansanm ak bayèdefon yo panche yo bò kote ONG yo, legliz yo ak lòt antite ki pa leta k ap bay sèvis yo, se poutèt yo desi de koripsyon otorite yo. Premye Minis peyi Dayiti a te di Oxfam li pa fè tèt li 'okenn ilizyon sou jan yo wè koripsyon ak inefikasite' ann Ayiti.¹¹ Anplis de listwa koripsyon lidè ayisyen yo, toupatou moun pa kwè gouvènman an kapab aji nan non pèp la. Istwa koripsyon nan gouvènman an fè kenken – soti nan pri yo mande lopital pou yon sereng pwòp oswa koton rive nan atik sou jounal sou tranzaksyon anba tab k ap fèt tout tan.

Ranfòse kapasite gouvènman an pou rekonstriksyon fèt pou tout moun epi ki rann kont

Pou asire jèfò rekonstriksyon an plis rann kont, Gouvènman Ayiti a dwe

- Prese prese koumanse kominike plan yo dirèkteman bay Ayisyen yo. Gen plizyè fason sa ka fèt ak patisipasyon medya yo: distribye radyo gratis, jan yon estasyon te fè li, pou kominike plan yo pi fasilman; ekri plis atik nan jounal; ogmante kantite gwo ekran nan lari ki bay pwogram enfòmasyon nan aswè.
- Krete sant enfòmasyon ki jere pa gouvènman an nan zòn ki frape yo epi ba yo sipò yon jan pou bay piblik la enfòmasyon sou èd yo ak sa

k ap fèt pou ede moun yo reprann yo, epitou fasilite aksè pou jwenn bon jan enfòmasyon sou dwa sitwayen yo ak konsèy legal;

- Mande opinyon pèp ayisyen an nan tout nivo yon jan pou mete sou pye plan rekonstriksyon lokal ak nasyonal ki ap konplete plan pou diminye povrete yo. Pou agrikilti ak sekirite alimantè, sa vle di tabli yon dyalòg ak asosyasyon peyizan yo ak lòt òganizasyon moun pòv nan zòn rural yo. Nan zòn lavil yo, sa mande tou pou enplike lidèchip ki fèk ap parèt nan kan yo ak nan katye yo ansanm ak sendika yo ak òganizasyon legliz yo.
- Krete lyen ki pi solid ak ONG yo epi ak sektè prive a yon jan pou bati yon relasyon ki pote rezilta epi ki kore rekonstriksyon an ak devlopman. Otorite Devlopman Nasyonal ki pwopoze pou Ayiti a dwe yon fowòm pou koperasyon ak kòdinasyon rapid ki efikas, li dwe fè atansyon pou li asire li pa ralanti pwogram rekonstriksyon ak devlopman yo ki dwe fèt wè pa wè. Mete sou sa, reyinyon regilyèman, ekip nan palman an pou travay sou dosye yo, epi mete sou pye yon sistèm pou gen transparans ak rann kont (swivi bidjè, odit, evalyasyon kote parèy yo patisipe), tout bagay sa yo ap kore relasyon sa yo.

Bayèdefon yo dwe

- Pran angajman pou kore gouvènman Ayiti a pou yon bon tan nan pèmèt yo prevwa sipò yo, nan mete devlopman kapasite lokal ak nasyonal nan tout plan ak bidjè yo epitou nan asire gen 2 eleman fondanatal sa yo nan plan yo: rediksyon dezas ak ris epi sipò pou dezantralizasyon;
- Bay gouvènman lokal la ak komite lokal pwoteksyon sivil yo pou yo ka planifye, kòdone ak sipèvizè rekonstriksyon ak aktivite pou reprann yo. Pou sa fèt pi vit, otorite lokal yo bezwen sipò pou evalye lokal yo ak enstitisyon ki disponib pou rekonstriksyon.
- Travay ak kominote entènasyonal la ak gouvènman nasyonal la pou defini priyorite nasyonal pou rekonstriksyon an ansanm ak regleman ki ann amoni ak plan lokal yo epi ki vin ajoute sou lòt estrateji nasyonal yo. Yo dwe fè piblik la konnen bagay sa yo epi gouvènman an dwe gen yon pwosesis pou repase men chak ane nan plan ak estrateji sa yo, gouvènman an dwe pèmèt divès kalite aktè piblik ak prive asiste travay repase men sa a.

ONG yo dwe

- Travay ak gouvènman lokal yo pou mete sou pye plan pou rekonstriksyon an epi bay sipò pou fowòm piblik, chita pale ak lidè kominotè yo ansanm ak deba piblik sou radyo ak nan journal;
- Bay gouvènman lokal la ak nasyonal la sipò nan travay kole sere ak yo epi asire tout plan yo genyen ranfòsman kapasite ladan yo.

Pou fè sa mache byen, gouvènman peyi Dayiti a, ajans Nasyonzini yo, sektè prive a, ONG yo ak òganizasyon debaz yo dwe yo tout respekte prensip transparans, rann kont, patisipasyon ak ranfòse kapasite. Yo dwe fè popilasyon an jwenn enfòmasyon sou lajan yo depanse yo ak pwogrè ki fèt nan ekzekite pwòjè yo. Yo dwe swiv gid Inisyativ Transparans Èd Entènasyonal la ki di jan sa dwe fèt.¹²

Sipò entènasyonal

Ayiti bezwen sipò entènasyonal san rete pou li ka refè apre kalite dezast sa a. E kokennchenn sipò entènasyonal ki leve kanpe pou soufrans peyi Dayiti depi 12 janvye a dwe kontinye pandan yon bon tan epitou pou li kapab jere divès priyorite yo.

Kore, pa pran plas leta ayisyen

Nan konferans sou devlopman peyi Dayiti ki te fèt ann avril 2009 la, bayèdefon yo te pwomèt prèske 400 milyon dola (mwatye sa gouvènman ayisyen an te mande) men, jis kounyeya, se 72 milyon dola sèlman Ayiti te jwenn nan lajan sa a.¹³ Souvan bayèdefon yo mete kondisyon ki di sou èd yo bay (tankou ekzijans pou fè privatizasyon ak liberalize komès), epi pandan y ap fè sa yo pa rekonèt jan li difisil pou peyi a fè sa yo mande li a poutèt kapasite li fèb.¹⁴

Fon garanti ak lajan plizyè Bayèdefon (MDTF) y ap pwopoze pou Ayiti a dwe gen menm prensip pou kore yon rekonstriksyon ki dirije pa Ayisyen yo, li pa dwe pran plas yo. Li pral enpòtan pou bagay sa klè depi nan koumansman kote yo fè ni gouvènman an ni pèp ayisyen an ba li valè. Si Ayisyen yo konsidere se pou yo li ye, si yo pran lidèchip li epi yo angaje yo – pa sèlman gouvènman an men tou sosyete sivil la (ONG, inivèsite yo, gwoup jèn yo, sendika yo) ak sektè prive a –sa ap garanti Fon an ap mache byen, epitou se pa bay bayèdefon yo sèlman li ap gen pou li rann kont men tou bay moun ki sipoze benefisye de li a. Si yo konsidere MDTF la tankou yon zouti pou enpoze volonte etranje yo sou Ayiti, pou kontwole devlopman peyi a depi kote yo chita lòtbòdlo a, oswa yon kalite pinisyon ki vini apre plizyè lane move jesyon ak koripsyon gouvènman an, sa p ap mache.

Gouvènman bayèdefon yo dwe

- Kòmanse poze tèt yo kesyon sou sa yo panse yo konnen sou kapasite gouvènman an, travay ansanm ak gouvènman an ak ONG yo pou yo deside ki domèn ki enpòtan pou ayisyen yo epi ki ap gen priyorite: rann kont, bay sèvis debaz yo, travay;
- Plis gade bezwen Ayiti ap genyen pandan yon bon ti tan yo ak yon lide devlopman dirab, yon jan pou genyen kanmenm analiz sitiyasyon fanm, rediksyon risk ak dezast, enpak chanjman klima ak sa ki antre nan gouvènans nan jan y ap abòde yo;

- Kòdone youn ak lòt, si posib apati MDTF la, epi ak gouvènman an, sektè prive a ak ONG yo pou asire plan rekonstriksyon ak plan devlopman yo ekzekite;
- Kore desantralizasyon an nan asire fon pou sèvis debaz yo ale jwenn otorite gouvènman lokal yo. Asire gen zouti ki mete sou pye pou rann kont, tankou kontwòl kalite, sistèm pou fidbak, bidjè ak rapò depans ki klè epi ki transparan; epitou odit èd ki bay yo nan nivo lokal.
- Evite mete kondisyon ki kapab fòse gouvènman an pran resous ki bay pou sitwayen li yo pou sèvis debaz tankou dlo, lasante ak ledikasyon pou li fè lòt bagay ak yo.

Nasyonzini

Nasyonzini yo tou dwe travay ak ekspètiz ayisyen yo. Depi tranbleman tè a, se ann anglè pi fò reyinyon kòdinasyon Nasyonzini yo fèt, pase pou yo ta fèt nan lang franse oswa kreyòl, e sa anpeche anpil ONG lokal ak lòt ayisyen pote kontribisyon konesans yo ak eksperyans lokal pa yo epitou li anpeche yo ogmante kapasite yo pou yo kontribye nan lavni peyi yo pi devan.

Jis kounyeya, Nasyonzini, menm jan ak gouvènman an li menm, apèn montre lidèchip estratejik ki nesè nan ka kriz sa a. Anpil chanjman anplwaye ak kapasite ti gwoup teknik kòdinasyon nasyonzini yo ki fèb (ti gwoup yo) te vin rann kòdinatè yo ki travay depase limit ap debat pou rasanble menm minimòm enfòmasyon sou kòdinasyon an. Anmenmtan, lè gen mesaj ak enfòmasyon ki kominike, sikui fòmèl pou pran desizyon yo sanble pa respekte, sa ki soulve anpli kesyon sou jan desizyon yo pran. Lè sa vin ajoute ak bann ONG ki vini ki prèske pa gen eksperyans nan entèvansyon ijans, kòdinasyon èd imanità a, sitou lidèchip nasyonzini a, jiskaprezan pa rive efikas.

Amelyore sipò Nasyonzini a

Nasyonzini yo dwe

- Nonmen yon Kòdinatè Imanità pou Ayiti ki kapab bay yon sipò bay gouvènman ayisyen an ki efikas pou li ka defini ak reyalize yon vizyon estratejik pou rekonstriksyon an. Otorite ayisyèn yo ansanm ak pèp ladwe klè sou kilès k ap fè ki sa nan divès ajans Nasyonzini yo;
- Nonmen plizyè kòdinatè teknik (ti gwoup yo) ki pale franse epi ki dwe rete pou si mwa pou pi piti. Yo dwe jwenn bon jan sipò finans ak teknik bò kote ajans k ap dirije yo a. Yo dwe ankouraje ONG ki gen eksperyans nan repons imanità yo pou yo bay sipò yo nan jan yo kapab.¹⁵
- Mande pou Anvwaye Espesyal Nasyonzini a bay rapò piblikman

chak 6 mwa sou dekesman fon yo pa pwojè, sou pwogrè ki fèt nan reyalize pwojè yo, epitou si èd la te bay yon jan ki transparan, ki rann kont epi ki te pèmèt patisipasyon.

- Pou pi devan nèt, ajans Nasyonzi yo dwe gade kapasite yo genyen pou bay sipò yo pou rekonstriksyon an; li pral nesèsè pou genyen plis ekspètiz sou gouvènans, mwayen pou viv ki dirab, analiz sityasyon fanm yo, planifikasyon vil yo, politik piblik ak planifikasyon bidjè.

Investisman ak komès

Mache lib sou komès pwodui agrikòl yo te fè Ayisyen nan zòn riral yo vin pi pòv pi vit. Jounk nan lane 1980 yo, Ayiti te pwodui ase diri pou tèt li, e diri se youn nan manje pi fò Ayisyen yo plis manje. Ogmantasyon popilasyon an ak devlopman vil yo te ankouraje enpòtasyon yo e yon gwo pati nan èd alimantè peryòd anbago 1991-1994 kont diktati militè a te souvan rive nan moman rekòt yo; sa ki te vin kraze peyizan ayisyen yo. Enstitisyon finansyè entènasyonal yo ak Etazini (ki se pi gwo peyi ayiti enpòte diri) te mete presyon pou ouve lib e libe enpòtasyon yo. An 1994, gouvènman ayisyen an te bese nèt taks sou enpòtasyon diri soti nan 35 pousan rive nan 3 pousan sèlman. Jodia, diri peyi ameriken sibvansyone a pran mache ayisyen an nèt pou li, e peyi a pwodui 20 pousan sèlman kantite diri li konsome a.¹⁶

Depi mitan mwa fevriye 2010, moun k ap enpòte diri yo te planifye pou enpòte 20 pousan sèlman kantite diri yo te konn abitye enpòte avan, e youn nan rezon ki fè sa se poutèt Pwogram Alimantè Mondyal (PAM) ap bay anpil èd alimantè. Men tou, anpil nan moun ki fè enpòtasyon yo te pran kredi pou achte estòk manje ki te pèdi nan antrepo ki te kraze yo. Èd alimantè mete ansanm ak pri enpòtasyon yo ki kontinye rete ba pral lakòz pwodiksyon agrikòl labese piplis toujou. Menm si lè pri bese se yon bon bagay pandan yon ti tan pou moun lavil k ap achte yo, sa p ap ede peyizan ayisyen yo.

Rad se yon gwo endistri ann Ayiti e li rapòte 80 pousan nan lajan ki soti nan ekspòtasyon. An 2009 sektè a te fè yon bon jan monte pou rive 24.5 pousan nan ekspòtasyon ki ale Ozetazini, alòs lòt founisè tankou peyi amerik santral yo, Meksik oswa Kanbòdj, te genyen gwo gwo bè. Menm lè endistri rad ann Ayiti se yon gwo mwayen pou jwenn dola, li pa vrèman gen anpil posiblite pou li bay djòb poutèt kota ak tarif ki genyen nan mache prensipal la ki se Ozetazini. Djòb nan faktori k ap ekspòte rad te ogmante an 1990 pou rive 100 mil epi kounyeya li a 25 mil. Ouvriye nan faktori k ap ekspòte pwodui yo ap travay souvan nan move kondisyon. Ministè Travay ak Afè Sosyal peyi Dayiti prèske pa genyen kapasite, e menm okenn kapasite pou fè respekte dwa ouvriye yo.

Gouvènman peyi Dayiti dwe

- Fè refòm nan politik agrikilti ak komès ki pèmèt yo vann pwodui pi

ba pase sa ki te depanse pou fè l, ki pa kite anpil posiblite pou fè yon jan kanmenm, epi ki anpeche Ayiti fè pwogrè. Refòm sa dwe fèt pou peyi a ka travay pou devlope pwòp agrikilti pa li epitou pou asire sekirite alimantè;

- Mete sou pye yon politik endistriyèl ki konpetitif ansanm ak enstitisyon legal ki pi bon ak administrasyon ladwàn ki efikas pou ankouraje investisman, epitou pi bon enfrastrikti pou transpò ak lòt bagay biznis yo bezwen nòmman;
- Pran kèk mezi nan domèn komès ki pwoteje ti pwodiktè yo, sektè agrikòl estratejik yo ak konpayi k ap grandi yo; epi pou pi devan nèt espesyalman anvizaje pran mezi ki pèmèt yo ogmante tarif ak sibvansyon sou yon seri de manje ki fondanatal pou sekirite alimantè. Poutèt li se yon Peyi ki pi Mwens Devlope ki manm Ogànizasyon Mondyal Komès, Ayiti kapab pran mezi sa yo san li pa sibi okenn sanksyon pou sa.
- Asire lwa travay yo ann amoni ak regleman BIT (Biwo Entènasyonal Travay) yo epitou mete sou pye bon jan sistèm ki efikas pou asire yo fè respekte lwa ak regleman sa yo kòrèkteman.

Bayèdefon yo dwe

- Kraze gwo gwo baryè yo mete sou enpòtasyon rad yo pou pèmèt ekspòtasyon rad yo ogmante;
- Asire yo respekte pwomès yo te fè pou anile dèt peyi Dayiti a epitou apre sa, pou tout sipò yo bay fèt sou fòm don, pa sou fòm prè.

Bezwen fondalnatal ki ijan yo

Gouvènman peyi Dayiti ak Nasyonzini estime gen apeprè 1 milyon 200 mil moun k ap viv nanabri pwovizwa pou kounyeya nan zòn Pòtoprens ak alantou li yo,¹⁷ epi gen yon lòt 600 mil moun ki te kite zòn lavil yo akòz tranbleman tè a. Kominote imanite a te fè yon pakèt jèfò pou satisfè bezwen sa yo. Depi 16 mas, oganizasyon imanite yo te distribye divès kaliteabri (pwela, tant) bay apeprè 60 pousan sèlman nan prèske 250 mil fanmi ki bezwenabri.

Lapli a tounen

Gen yon bann ak yon pakèt bagay toujou ki rete pou fèt pou prepare pou sezon lapli a ki kòmanse april rive jen epi ki rekòmanse ankò nan mwa out rive novanm. Poutèt manke gen bon jan enfòmasyon, li vin pi difisil pou fè fas ak defi pou satisfè bezwen minimòm yo kom sadwa nan zòn lavil yo. Jiskaprezan yo bezwen anrejistre tout moun sila yo ki pa gen kay oswa ki nanabri pwovizwa yo; pa gen estimasyon ki fèt dapre distribisyon oswa ti ankèt ki fèt sou teren an epi yo pa vrèman panse a sila yo k ap viv toujou andan kay yo ki fisire oswa tou pre yo. Ni gouvènman an ni kominote entènasyonal la poko enplike komite pwoteksyon sivil yo jis kounyeya, yo pa enplike tou òganizasyon ki fèk fòmè sou sit yo pou mande yo lide yo sou ki solisyon ki t ap pi bon.

Anfen, yo dwe konsidere leson ki soti nan entèvansyon pouabri ki fèt deja nan ka tranbleman tè. Rebati Ayiti ap pran plizyè lane; moun yo pral bezwen yonabri kanmenm pandan 5 lane pou pi piti, e li plis sanble y ap bezwen sa pandan di 10zan.

Gouvènman peyi Dayiti, bayèdefon, lòt moun ak òganizasyon yo dwe

- Respekte Prensip Gid sou Deplasman Entèn Nasyonzini te premye fè an 1998 la, sitou pou asire yo mande opinyon moun yo epi yo dakò pou yo deplase yo:
- Kore komite pwoteksyon sivil yo ak komite nan kan yo pou yo kapab fè plan ki byen klè pou dekonjesyone ak/oswa fèmen sit kote moun yo rasanble yo poutèt tranbleman tè a te kraze kay yo – ak tout patisipasyon epi chita pale ak moun ki konsène yo. Yo dwe sitou pran mezi prese prese pou ede moun yo jere sezon lapli yo nan 2010 la.
- ONG yo ak Nasyonzini sitou bezwen ogmante aktivite yo nèt kote yo bezwen anplwaye plis moun, aksepte pran pi gwo risk nan sans eseye nouvo lide menm si kèk ladan yo kapab pa bay bon rezilta. Sa vle di òganizasyon an ap bezwen plis resous.

- Gen menm nivo envestisman nan zòn deyò Pòtoprens yo ki te sibi enpak tranbleman tè a, asire yo bay kèk sipò bay fanmi ki bay moun ki deplase yo fè ladesant lakay. Yo dwe bay kèk sipò tou bay sila yo nan Pòtoprens ki gen kay yo ki pa t fin kraze nèt oswa ki resevwa moun lakay yo.
- Ale pi lwen toujou pase mete sou pyeabri yo konn abitye fè yo, koumanse planifyeabri, fè preparasyon epi diminye risk pandan 2 lane k ap vini yo ak apre sa.

Agrikilti ak mwayen pou viv

Sezon lapli a tonbe menm lè ak sezon pou kòmanse plante diri epitou nan mitan epòk kote li poko lè rekòt; gen dispozisyon ki dwe pran prese prese pou kore pi fò ayisyen ki depann de jaden yo pou yo viv. Menm lè agrikilti reprezante 28 pousan sèlman sa peyi a pwodui, gen apeprè 66 pousan moun ki ap travay ladan l.¹⁸

Tranbleman tè a te kraze arebò rivyè yo ak travay irigasyon yo,¹⁹ e sa te lakòz konsekans yo te pi grav poutèt plizyè lane neglijan ak sektè agrikilti a ki te kontinye bese. Sektè sa pa t jwenn ase resous finansyè epi li pa efikas e prèske pa t gen okenn inovasyon teknolojik ki fèt ladan li. Sou chak 5 ayisyen genyen 3 ki t ap viv nan zòn riral yo anvan tranbleman tè a e pi fò nan moun ki te kite vil Pòtoprens depi katastwòf la te ale andeyò. Sa vin fè sitiyojan lamanjay ki te deja pa t bon an pi mal poutèt peyizan ayisyen yo ki te deja nan dènye kras mizè vin twouve oblije kounyeya pataje ti lamanjay la ak zanmi ak fanmi ki fèk vini yo. Plan pou amelyore sektè agrikilti a nan zòn riral yo pa t vrèman jwenn anpil finansman; li posib pou resous finansyè ki manke nan zòn riral yo fè moun yo tounen Pòtoprens anvan sezon lapli a sitou pwovizyon yo fini, kidonk y ap kouri tounen dèyè èd k ap bay yo ak opòtinite pou ledikasyon ak travay.

Satisfè bezwen fondanatal nan zòn riral yo

Pou pwoteje mwayen pou viv yo prese prese, Gouvènman ayisyen an dwe

- Bay moun nan zòn riral yo garanti y ap jwenn asistans kounyeya epi yo menm tou ap benefisye nan rekonstriksyon an, epi planifye kouman sa pral fèt; sa mande tou pou senplifye ak ekzekite plan ki defini nan Estrateji pou kwasans ak Diminye Povrete ann Ayiti a (DSNCRP);
- Mete sou pye bon jan pwogram pwoteksyon sosyal ki itil epi ki pèmèt pòv nan zòn riral yo benefisye, tankou pwogram travay pou lajan ak pwojè travo piblik yo ki anboche anpil moun;
- Abòde domèn agrikilti a yon jan ki entegre, ki chita sou bezwen ak sa peyizan yo swete, epi ki pran an konsiderasyon bezwen fanm peyizan yo genyen espesyalman.

Bayèdefon yo dwe

- Asire yo bay asistans agrikòl la nan moman li dwe bay, jan Apèl Imanitè pou Ayiti Nasyonzini an mande li a, epitou finanse li omwens menm jan ak apèl pou èd pou manje a;
- Asire tout jèfò èd yo pran an konsiderasyon sa Ayiti bezwen pou ogmante kapasite komès li; jan pou fè sa se nan jere pwoblèm ki genyen nan nivo matyè premyè, feblès enstitisyon yo, bezwen enfrastrikti ak lòt feblès nan kapasite.

Revni moun nan vil yo pèdi bay jèfò y ap fe pou rekomanse a baryè

Anvan tranbleman tè a, te gen apeprè yon milyon moun nan Pòtoprens ki pa t gen travay oswa ase travay, anpil t ap viv nan bidonvil ak sou teren vag epitou kote yo te rete yo te nan move kondisyon, yo pa t gen yon minimòm enfrastrikti ak sèvis, te gen move kondisyon ijyèn epi li pa t fin sèten yo posede kay oswa tè kote yo te rete a.

Pi fò nan moun ki pi pòv yo travay kòm ouvriye jounalye, yo gen yon djòb ki peye yon ti monnen oswa se nan ti komès yo jwenn lajan. Anpil nan moun sa yo se fanm ki vann manje nan mache lajounen. Gwoup sa a te reprezante 65 pousan popilasyon ki nan kapital la. Si moun yo te gen lajan ki soti lòtbòdlo, yo plis ka soti nan nivo 'pòv anpil' pou rive pòv 'senpman'. Tranbleman tè a fè li posib pou nivo chomaj la ogmante ofiramezi nan mwa k ap vini yo poutèt estòk semans yo bese epi pwodiksyon agrikòl la diminye poutèt demand lan diminye. Li pwobab sa pral kontinye konsa pandan yon tan toujou.²⁰

Anmenmtan, pi gwo mache yo ak komèsan yo nan kapital la ap debat pou yo redemare biznis yo, y ap debat anba sitiyasyon kote revni moun ki konn achte yo vin bese, pa gen menm kantite kredi a ankò, antrepo yo kraze, kou transpò yo monte ak piyaj k ap ogmante.

Menm lè popilasyon Pòtoprens lan te bese anpil rapidman, se travay ki rete pi gwo bezwen prese prese pi fò moun yo genyen.

Satisfè bezwen fondalnatal nan vil yo

Pou pwoteje epi ogmante mwayen pou viv yo prese prese, Gouvènman ayisyen an, bayèdefon yo ak lòt òganizasyon ak moun yo dwe

- Devlope yon estrateji pou kreye mwayen pou viv nan vil yo ki garanti tout fanm ak gason gen opòtinite pou jwenn kapasite ak konesans epitou pou travay nan kondisyon ki pwoteje yo; kontinye swiv menm estrateji sa a;
- Mete sou pye yon estrateji ki klè pou satisfè bezwen imanitè ak bezwen rekonstriksyon **lokatè** yo, moun ki sou teren vag yo, ak sila

yo k ap viv nan zòn Pòtoprens ki pi pòv yo, yon jan pou asire yo jwenn yon minimòm sipò prese prese ak jwenn plis sèvisdebaz pase anvan tranbleman tè a;

- Mete sou pye yon estrateji ki kreye travay bay moun yo fè epi ki devlope aptitud yo.

Inegalite ant gason ak fanm

Fanm ayisyèn yo ap viv nan yon sosyete ki gen anpil anpil inegalite kote yo sibi tout kalite vyolans poutèt yo se fanm, san bliye yon kantite agresyon seksyèl ak vyòl ki fè moun fremi. Yo prèske pa gen askè a estrikti politik ak ekonomik yo epitou apre yon deza frape yo plis ekspozè toujou a vyolans, grangou ak pa gen kote pou yo rete. Dapre ankèt Konsèstasyon Nasyonal Kont Vyolans sou Fanm te fè, sou 9440 fanm ki viktim anba vyolans, soti ane 2002 rive premye trimes 2008, 4098 nan yo sa fè 43% te sibi vyòl.²¹ Fanm yo te toujou gen yon bann reskonsablite pou lòt moun ki fèb, tankou ti bebe, timoun, vye granmoun ak moun ki malad oswa andikape. Tranbleman tè a senpman fè chay sa vin pi lou. Se fanm yo ki pou bay manje, dlo ak bwa pou dife pou kay la epi pandan y ap fè sa, yo konfwonte yon pakèt difikilte nan reskonsablite yo ansanm ak menas vyolans ak agresyon. Menm lè pa prèske gen enfòmasyon konkrè ki disponib, premye evalyasyon Oxfam yo montre fanm yo kontinye ap sibi vyolans nan kan yo.

Frajilite ekonomik fanm yo te ogmante. Fanm yo te plis travay nan sektè enfòmèl la e yo prèske pa gen anyen pou yo apiye sou li nan sans yon lajan k ap soti yon kote fiks. Ni sektè fòmèl la ni sektè enfòmèl la te kraze e pa gen anpil opòtinite pou yo remete sou pye mwayen pou yo viv.

Jèfò rekonstriksyon yo bay tout sila yo ki enplike nan rebati Ayiti a yon posiblite pou pote bon jan amelyorasyon nan sitiasyon fanm yo, pou sèvi ak èneji yo ak kapasite yo epitou pou kòmanse bati yon sosyete ki gen plis jistis.²² Yo dwe evalye bezwen chak gwoup sa yo apa: fanm, jèn fi, gason ak jèn gason—yo dwe kolekte ak analyze enfòmasyon yo apa dapre laj ak sèks. Lè nou gade danje ki genyen pou fanm ak jèn fi yo, tout moun dwe enfòme sou dwa yo pou jwenn asistans yon jan pou evite abi ak eksplwatasyon seksyèl.²³

Bayèdefon yo ak gouvènman an dwe ogmante patisipasyon fanm yo nan pwosesis rekonstriksyon an, e sa ap bay fanm yo chans pou pote kontribisyon yo soti nan nivo kominote yo rive nan nivo ki pi wo nan gouvènman an. Yo bezwen bay fanm yo sipò pou yo devlope plis kapasite ekonomik nan fè pwojè ki pèmèt yo patisipe menm jan ak gason yo. Pou sa ka fèt, yo dwe rekonèt wòl fanm yo kòm moun k ap okipe lòt moun epi yo dwe antre sa nan jan y ap fè pwojè rekonstriksyon yo. Mouvman rebatè peyi a dwe pwofite de inisyativ ki te mache byen yo epi ki konsantre sou fanm ak jèn fi, tankou posiblite jwenn prè mikwofinans oswa mouvman plante pyebwa pou anviwonman an. Yo dwe vin ak lòt lide epi ak yon lespri ouvè pou pèmèt fanm yo patisipe menm jan ak gason yo, tankou laswenyay pou timoun yo ak bon jan estrikti sipò, fòmasyon ak ranfòsman kapasite.

Prepare pou lòt chòk k ap vini

Anvan tout bagay, ‘Rebati pi byen’ an dwe fèt yon jan pou pa gen menm frajilite a lè gen lòt chòk ak eprèv pi devan. Lè nou konpare tranbleman tè ki sot pase Chili a ki pa t prèske fè dega ak sa ki fèt ann Ayiti a, sa montre enpòtans move planifikasyon vil yo, move enfrastrikti ak mal bati te genyen nan pil kantite moun ki te pèdi lavi yo ann Ayiti.

Mwayen pou viv yo deja difisil ann Ayiti e chanjman klima a an jeneral p ap fè yo vin miyò, se pi mal sèlman li ka fè li. Ayiti ekspoze anpil a sechrès ak inondasyon; epi anviwonman an ki degrade a kote mòn yo pa gen pyebwa te fè li pi ekspoze toujou a siklòn ki lakòz dlo, labou ak limon inonde plèn ki bò lanmè yo, antere kay ak moun anba labou epi devaste jaden yo ak bèt yo pote ale nan lanmè. Debwazman se yon gwo defi, kote plis pase 98 pousan pyebwa yo te koupe pandan kèk dizèn lane ki sot pase yo. Yo koupe pyebwa yo sitou pou fè chabon e se sa 70 pousan moun sèvi pou fè manje. Jan Oxfam te wè li nan eksperyans li genyen nan bay sipò pou pwogram rediksyon risk ak dezazann ann Ayiti, diminye frajilite a mande pou aji sou pwoblèm sa yo dirèkteman epi mete sou pye enstitisyon ak politik pou ranfòse kapasite moun yo pou yo reziste a chòk yo.

Malgre povrete ki gaye toupatou, Ayiti pa gen okenn pwogram pwoteksyon sosyal pou popilasyon li an. Yon ekspè inivèsite sou devlopman ayisyen te fè yon kòmantè kote li di peyi a ‘se lekonnèt nèt yon leta sekirite sosyal.’²⁴

Diminye risk k ap vini yo

Pou prepare pou lòt chòk k ap vini yo epi pou diminye nivo dega yo, gouvènman peyi Dayiti, bayèdefon yo ak lòt òganizasyon ak moun yo dwe kore

- Angajman kominote entènasyonal la te pran pou diminye risk yo ak dezazann yo epi ki nan Kad Plan Daksyon Hyogo;
- Sistèm Nasyonal pou Jesyon Risk ak Dezazann la (SNGRD), yon jan pou ede mete sou pye nouvo kòd pou bati kay, devlope plan jesyon dezazann, elatriye, epi pou asire sa kouvri tout peyi a;
- Ogmantasyon rebwazman ak jesyon dirab forè yo. Yo dwe mete sou pye yon bon modèl jesyon forè ki baze nan kominote a pou dekouraje moun yo sèvi ak chabon; n ap siyale se yon pwoblèm ki delika poutèt jesyon forè yo makonnen ak kilti lokal la. Planifikasyon pwodiksyon agrikòl ak bèt dwe makonnen ak plante pyebwa.²⁵

- Nouvo pwojè pou pwodui enèji, tankou plante nouvo plant pou fè gaz, yon jan pou moun yo pa koupe pyebwa yo pou fè chabon.
- Kominote yo pou yo jwe yon gwo wòl nan pwojè rediksyon dezaz yo epi fanm yo tou pou yo ka enplike nèt nan aktivite k ap fèt nan kominote yo. Nan kèk kominote, fanm yo te efikas anpil nan fè mobilizasyon pou aktivite k ap fèt nan kominote yo. Yo dwe enplike kominote yo nan planifikasyon, pledwaye, ak reyalizasyon aktivite pou diminye risk k ap gen pou fèt yo pandan yon bon tan.
- Yo dwe mete sou pye prese prese kòd pou bati kay ki 'Bon ase'. Kòd pou bati kay ki soti lewòp ak etazini yo ap difisil pou mache ak reyalite Ayiti a epi l ap enposib pou aplike yo.

5

Yon lòt vizyon pou Ayiti

Anvan tranbleman tè a Ayiti te montre kèk siy bagay yo t ap bouje epi te gen lespwa. Pi fò nan lane 2009 la te estab epi li te plizoumwenn kalm ann Ayiti. Kidnaping yo te diminye, revni yo te ogmante epi te gen mwens chomaj.

Epi tranbleman tè a li menm te vini ak nouvo jenerasyon jèn lidè. Tankou komite jèn lidè ki te kreye nan kan Dèlma 62 a pou ede plizyè santèn moun ki enstale yo sou tè yon moun. Menm sa youn nan yo ki rele Stephan Durogène te fè konnen, 'M pa t konnen m te gen sa lakay mwen. Se pandan tranbleman tè a m reyalize m ka yon bon lidè.'²⁶

Si rekonstriksyon an koute vwa moun tankou Stephan yo epi li kore yo, Ayiti ap kapab rebati pi byen tout bon vre.

M pa t konnen m te gen sa lakay mwen. Se pandan tranbleman tè a m reyalize m ka yon bon lidè.

Stephan Durogene, Komite kan Dèlma 62

Nòt

- ¹ Reyinyon ti gwoup Nasyonzini pou abri, 16 mas 2010, Pòtoprens.
- ² Kòmantè patnè Oxfam yo nan reyinyon chita pale, 5 mas 2010.
- ³ R. Maguire (2009), 'Ayiti apre konferans bayèdefon yo: yon jan pou vanse', *Rapò Espesyal Enstiti Ameriken pou Lapè* 232, Wachintonn, Enstiti Ameriken pou Lapè, sekatanm 2009.
- ⁴ FAO (Òganizasyon pou Agrikilti ak Lamanjay) (2010a) 'Rapò sou Peyi Dayiti: Tranbleman tè Ayiti', <http://www.fao.org/haiti-earthquake/en/>
- ⁵ E. A. Cavallo, A. Powell ak O. Becerra (2010) *Yon Evalyasyon Dega Tranbleman tè a fè Dirèkte-man nan Ekonomik a ann Ayiti*, Bank Entèramerikèn Devlopman, fevriye 2010.
- ⁶ Kòmantè patnè Oxfam yo nan reyinyon chita pale, 5 mas 2010
- ⁷ Repiblik Dayiti (2007) 'Dokiman sou Kwasans ak Rediksyon Povrete', novanm 2007.
- ⁸ P. Collier (2009) 'Ayiti: Sot nan Katastwòlf Natirèl rive nan Sekirite Ekonomik', rapò pou Sekretè Jeneral Nasyonzini a, p. 14.
- ⁹ Kòmantè patnè Oxfam yo nan reyinyon chita pale, 5 mas 2010.
- ¹⁰ FAO (2010a) *menm kote ak avan an*; USAID (2010) 'Fèy Enfòmasyon sou Tranbleman tè Ayiti #36', 17 fevriye 2010; R. Fatton, <http://news.clas.virginia.edu/woodson/x16474.xml>, 'Lespw nan mitan yon bann dega'; M. Schneider (2010) Gwoup Kriz Entènasyonal, Temwayaj kongrè, 4 fevriye 2010, <http://www.crisisgroup.org/home/index.cfm?id=6517&l=1>.
- ¹¹ Entèvyou Oxfam (Marcel Stoessel ak Fran Equiza) ak Max Bellerive, Premye Minis Repiblik Dayiti nan dat 25 fevriye 2010.
- ¹² Ale sou adrès entènèt <http://aidtransparency.net/>
- ¹³ 'Rebati Ayiti yon jan ki Transparan,' Atik sou pozisyon *The Washington Post (Journal Wachintonn)*, 3 fevriye 2010.
- ¹⁴ R. Fatton (2010) *menm kote a avan*; R. Maguire (2009) *menm kote ak avan*.
- ¹⁵ Oxfam GB (2010) 'Eleman WASH la: Eksperyans Oxfam ak ti gwoup kòdinasyon imanité dlo ak lapwòpte, Oksfòd: Oxfam GB.
- ¹⁶ J. Georges (2004) 'Komès ak Disparisyon Diri Ayisyen', Etid Ka TED 725, jen 2004, <http://www1.american.edu/TED/haitirice.htm>; R. Maguire (2009) *menm kote ak avan*; Mark Shuler (2008) 'Deblozay poutèt grangou ann Ayiti ki demoralize men ki pa etone', Rapò Espesyal Pwogram Amerik la, 25 avril 2008, http://americas.irc-online.org/am/5186#_ftn11
- ¹⁷ Reyinyon ti gwoup Nasyonzini pou abri, 16 mas 2010, Pòtoprens.
- ¹⁸ FAO (2010a) *menm kote ak avan*; CIA, *Liv Bagay ki pase nan lemond*, <https://www.cia.gov/library/publications/the-world-factbook/geos/ha.html>.
- ¹⁹ *Nan menm dokiman anvan an*; FAO (2010b) 'Pwojè 700 milyon dola ameriken Ayiti a pou agrikilti', kominike pou laprès, 29 janvyè 2010, <http://www.fao.org/news/story/en/item/39523/icode>; Bank Mondyal (2007) *Rapò 2008 Devlopman Mondyal*.
- ²⁰ Tèks tou kout: 'Ayiti, Enpak tranbleman tè a sou sekirite alimantè ann Ayiti', 26 janvyè 2010.
- ²¹ Commission collecte de données Concertation Nationale contre les violences faites aux femme nov.2008
- ²² ALNAP (2008) [Responding to Earthquakes 2008: Learning from earthquake relief and recovery operations](#)
- ²³ Komite Pèmanan Divès Ajans Nasyonzini yo (2010), 'Enpòtans pou Entegre Sityasyon Fanm yo nan Sityasyon Ijans Ayiti a'.
- ²⁴ M. Lundahl (1992) *Politik oswa mache? Dokiman ki fè yon rale sou sou devlopman ann Ayiti*, Lond: Woutlèdj.
- ²⁵ Oxfam International (Oxfam Entènasyonal) (2009) 'Ayiti: Yon Siklòn k ap Pare – Chanjman Klima ak Povrete', Pòtoprens, Oxfam Entènasyonal.
- ²⁶ C. McCabe (2010), Oxfam Amerik: <http://blogs.oxfamamerica.org/index.php/2010/02/23/as-new-leaders-emerge-from-the-camps-in-haiti-will-their-voices-be-heard-part-i/>

© Oxfam Entènasyon Mas 2010

Se Aimee Ansari ki te ekri dokiman sa a. Oxfam ap remèsye Ed Cairns, Marc Cohen, Anna Coryndon, Yolette Etienne, Marcel Stoessel, Duncan Green, Alison Hayes, Rachel Hastie, Gawain Kripke, Isabel Mazzei, Krista Riddley, Edward Turvill, Ines Smyth ak Philip Weare ki te bay kolaborasyon yo pou prepare dokiman sa a. Dokiman sa a se youn nan kantite dokiman ki ekri pou enfòmè deba k ap fèt nan piblik la sou kesyon politik imanité ak devlopman.

Yo kapab sèvi ak tèks sa gratis depi se pou fè pledwaye, kanpay, edikasyon ak rechèch men fòk yo bay tout enfòmasyon ki di kote yo jwenn dokiman an. Sila ki mèt dokiman sa a mande pou yo enfòmè li sou jan yo vle sèvi ak dokiman sa a pou pèmèt evalyasyon enpak. Pou fè kopi pou nenpòt ki lòt bagay oswa pou resèvi ak li nan lòt dokiman, oswa pou tradwi oswa pase men ladan li, dwe gen pèmasyon ki bay pou sa e yo kapab mande peye yon frè. Adrès imèl se publish@oxfam.org.uk.

Pou plis enfòmasyon sou pwoblèm ki abòde nan dokiman sa a, tanpri voye imèl nan adrès advocacy@oxfaminternational.org.

Enfòmasyon ki bay nan dokiman sa yo kòrèk nan moman yo enprime li a.



Oxfam International www.oxfam.org

Oxfam Entènasyon se yon gwoupman federasyon ki gen 14 òganizasyon k ap travay ansanm nan plis pase 100 peyi pou jwenn solisyon dirab pou povrete ak lenjistis: Oxfam America (www.oxfamamerica.org) nan Amerik la, Oxfam Australia (www.oxfam.org.au) nan Ostrali, Oxfam-in-Belgium (www.oxfamsol.be) nan peyi Bèljik, Oxfam Canada (www.oxfam.ca) nan peyi Kanada, Oxfam France - Agir ici (www.oxfamfrance.org) nan peyi Lafrans, Oxfam Germany (www.oxfam.de) nan peyi Almay, Oxfam GB (www.oxfam.org.uk), nan Wayòm Ini, Oxfam Hong Kong (www.oxfam.org.hk) nan peyi Lachin, Intermon Oxfam (www.intermonoxfam.org) nan peyi Lespay, Oxfam Ireland (www.oxfamireland.org) nan peyi Iland, Oxfam Mexico (www.oxfamexico.org) nan peyi Meksik, Oxfam New Zealand (www.oxfam.org.nz) nan Nouvèl Zeland, Oxfam Novib (www.oxfamnovib.nl) nan peyi Oland, Oxfam Quebec (www.oxfam.qc.ca) nan Kebèk.

Òganizasyon nou pral site la yo se manm obsèvatè Oxfam Entènasyon yo ye aktyèlman e y ap travay pou yo vin manm nèt:

Oxfam India (www.oxfamindia.org) nan peyi End
Oxfam Japan (www.oxfam.jp) nan peyi Japon

Òganizasyon nou pral site la a gen lyen ak Oxfam Entènasyon:

Oxfam International ak Ucodep Campaign Office (Itali)
Imèl: ucodep-oi@oxfaminternational.org

Pou plis enfòmasyon tanpri rele oswa ekri nenpòt nan ajans sa yo oswa ale sou adrès entènèt www.oxfam.org.

Imèl: advocacy@oxfaminternational.org

Published by Oxfam International March 2010

Published by Oxfam GB for Oxfam International under ISBN 978-1-84814-417-0